АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№7
(10105)
РУЗМАН
23 февраль
2024 сон
13 ШАГІБАН
1445 СОН

Единство — Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ — Багьа эркенаб

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# ВатIан цIунулезул байрам кIодо гьабуна

**ВатIан цIунулезул байрам гIатIидго кIодо гьабуна райцентралда 21-леб февралалъ.**








Райадминистрациялдаса «РакIалдещвеялъул ах»алде щвезегIан гьабуна автопробег. Гьениб гIахьаллъана 40ялдасаги цIикIкIун машина. Щибаб машиналда чIван рукIана ВатIаналъул гIорхъаби цIунулаго накълулъарал гIолохъабазул суратал. Автопробегалда гIахьаллъи гьабизе щвана СВОялда гIахьаллъи гьабулел ругел рагъухъаби, хасаб рагъулаб операциялда росал, васал чIварал руччаби, администрациялъул, культураялъул, спорталъул хIалтIухъаби ва цогидал.

ЧIварал рагъухъабазул мемориалалда цере тIугьдулги лъун, гьаруна лъикIал кIалъаял ва дугIа.

Гьелдаса хадур киналго гIахьалчагIи щвана маданияталъул кIалгIаялда тIобитIараб тадбиралде. ВатIан цIунулезул байрам кIодо гьабун маданияталъул отделалъул махщелчагIаз ва ХIебда школалъул цIалдохъабаз лъикIал патриотикиял церерахъинал хIадурун рукIана гьенир. Тадбирги рагьун, гьеб нухда бачана культураялъул, гIолилазул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Гъ. ГIабдулмухIамадовас. ВатIан цIунулезул къоялъул къиматалъул бицун, нухмалъулезул рахъалдасан баркиялъул кIалъай гьабуна районалъул бетIерасул заместитель Карим Будуновас.

Киналго балагьаразе цIакъго асар гьабулеблъун ккана администрациялъ хIадурун букIараб чIварал рагъухъабазул ва гIахьалчагIазул хIакъалъулъ видеоролик. Гьединго, балагьаразул ракI тIерен гьабулеллъун ккана школалъул мугIалим Месед Ибрагьимовалъ хIадурарал церерахъинал.

Байрамияб тадбиразда гIахьаллъи гьабизе щварал СВОялъул рагъухъабазе хадубккун хIадурун букIана гIодобчIей, чIварал васазул лъудбузе, улбузе ракIалдещвеялъе сайигъатал кьуна районалъул фондалдаса.

**ГI. ХIАСАНОВА**

■ БАРКИ

## ВатIан цIунулезул къо!




Районалъул тIолго жамагIаталда, хасго рагъулал къуватазул ветераназда ва улкаялъул гIорхъаби цIунун хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулел ругел нилъер гIолохъабазда ракI-ракIалъ баркула ВатIан цIунулезул къо-23 февраль.

Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьарула киналго гIелазул рагъухъаби - КIудияб ВатIанияб рагъул соназда улка бахIарчилъиялда цIунарал ва жакъаги Россиялъул пачалихъалъул мурадал цIуниялъул хъаравуллъуда чIун ругел ВатIаналъул патриотал. Гьеб байрамалъ бихьизабула нилъер пачалихъалъ ва халкъалъ киналго гIелазул рагъухъабазул гьабулеб хIурмат. Къимат гьабула гьезул бихьинчилъиялъул, бахIарчилъиялъул, рагъулаб захIматалъул ва ВатIаналъе гьабураб хьулухъалъул.

Нилъер ВатIаналда рекъел букIиналъе гIоло нужер щивас рагъулгун захIматалъул фронтазда росарал бергьенлъаби гIолеб гIелалъе мисаллъун рукIина ва районцоязда кIочон теларо. ВатIан цIунулезул байрамалъ бихьизабула кинабго гIелалъул рагъухъабаз ВатIаналъул эркенлъи цIунизе гIоло рагьда бихьизабураб бихьинчилъиялъе, къохIехьеялъе ва багьадураб захIматалъе гьабулеб хIурматалъул.

Гьарула киназего парахатаб, ракълилаб гIумру. ВатIан цIунулезул кьерда ругел гIолохъабазе, жидерго налъи тIубан сах-саламатго тIадруссинги ва хадубккун парахатаб ракълилаб гIумруги гьарула.

**Районалъул бетIер**
**МухIамад ХIАСАНОВ**

■ РАЙОНАЛЪУЛ НУХМАЛЪИЯЛЪУЛ ДАНДЧIВАЯЛ

# Гъогъолъе хIалтIулаб сапар

**17 февралалъ районалъул бетIер МухIамад ХIасановас, районалъул имам ГIизудин ГьитIиножоевгун Гъогъолъ росулъе гьабуна хIалтIулаб сапар.**

Щибаб рузманкъоялъ гьарулел росабалъе сапарал гIадатияллъун лъугьун руго. Росабалъ шартIал лъикIлъизе, лъималазе лъай щвеялъул ва патриотикияб тарбия кьеялъул суалазде кIвар буссараблъун букIана иргадулаб жамагIатгун дандчIвай.

МухIамад ХIасанов районалъул имамгун щвана дагьал церегIан къояз мина бухIун, къварилъи ккараб ХIайбулаевазул хъизамалъухъе. Районалъул бетIерас райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъабазда тIадкъана зарал ккаразе материалияб кумек гьабизе. Цереккунго минаби рухIарал цойги росдал хъизамазе гIадин буго гур-





хIел-рахIмуялъул акцияги тIобитIулеб Гъогъолъа ХIайбулаевазе кумекалъе.

Районалъул нухмалъи щвана араб соналъ цIадудаса зарал ккун букIараб Гъогъолъ росдал мажгиталдеги. Гьеб цIи гьабиялда сверухъ жакъа къоялде гьабун буго цIакъ гIемераб хIалтIи.

Хал гьабуна, гьединго, марталъ тIоритIизе ругел РФялъул Президентасул рищиязде участокалъул хIадурлъиялъухъ, гьениб чIезабун бугеб цIадудаса ва терроралдаса хIинкъи гьечIолъиялъухъ.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ ВАТIАН ЦIУНУЛЕЗУЛ КЪОЯЛДЕ

# Рагъухъабазул улбузе мавлид

**16 февралалъ Гьолокь росулъ тIобитIана СВОялда гIахьаллъулел рагъухъаби ва гьезул улбул ахIараб мавлид. Гьеб гIуцIун букIана росдал бегавул МухIамад ГIалиевасул ва гьесул хъизан, Гьолокь росдал руччабазул Советалъул председатель Хадижатил жигараб байбихьиялда гъоркь.**





Райадминистрациялъул рахъалдаса тадбиралде щвана районалъул бетIерасул заместитель К.Будунов, спорталъул ва гIолилазул ишазул специалист М.Хатиев, районалъул руччабазул Советалъул председатель У.ГIалибегова, «Цолъи» газеталъул редактор П.МухIамадова ва редакциялъул хIалтIухъаби. Гьединго, гьенир гIахьаллъана районалъул имам ГI. ГьитIиножоев, ОМВДялъул нухмалъулев М.МухIамадов ва цогидал.

Пайдаял вагIза-насихIаталгун кIалъаял гьаруна тIаде щвараз, мадрасалъул лъималаз цIалана кучIдул ва назмаби, ахIана мавлидал.

«Кинабго фронталъе. Кинабго бергьенлъиялъе» фондалдаса СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаназе кьуна сайгъатал. Росулъ гьеб заманалда рукIарал рагъухъаби МухIамадгIарип ГIабдулхаликъовасеги ГIумар Рамазановасеги кьуна ракIалдещвеялъул сайгъатал.

ЦIакъ квер биччараб садакъа гьабун, гIемераб хIадурлъигун гьабураб мавлид ана пайдаялда. Рагъда васал ругел улбузе ракI батизабулеб ва хинлъи кьолеблъун ккана тадбир.

**ТI.МУХIАМАДОВ**

■ РАЙОНАЛЪУЛ НУХМАЛЪИЯЛЪУЛ ДАНДЧIВАЯЛ

# СВОялъул гIахьалчиясе кверчIвай



**(Байбихьи 1-себ гьум.)**

Цебесеб къоялъ, 16 февралалъ районалъул бетIер МухIамад ХIасановасул кабинеталда тIобитIана СВОялъул гIахьалчи, Гъогъолъ цIа ккун зарал ккарав Сулейман ХIайбулаевгун дандчIвай. Украиналда рагъулал ишазул 2 гIахьалчи хъизаналда вугев ХIайбулаевазул хъизамалъе «Кинабго фронталъе. Кинабго бергьенлъиялъе» фондалдаса бажарараб кумек гьабизе хIукму гьабуна районалъул нухмалъиялъ. ЩуцIул лъукъарав Сулейман ХIайбулаев вуго жакъа къоялъ реабилитациялда, гьесул гьитIинав вац МухIамадги вукIана СВОялда лъукъун.

МухIамад ХIасановас районалъул фондалдаса гIураб къадаралда гIарац кьуна къварилъи ккараб хъизамалъе.

Сулейман ХIайбулаевас кверчIваялъухъ баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъиялъе.

ДандчIваялъул ахиралда СВОялъул гIахьалчияс, цогидазги гIадин, гъулбас лъуна генерал-полковник Танкаевасул хIакъалъулъ хъвараб тIехьалда, жакъасеб къоялъул ракIалдещвейлъун букIине.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Адабалде ва цIалуде кIвар кье!

**21 февралалъ ХIебда Маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана ХIебда гьоркьохъеб школалъул киналго улбул ахIараб собрание. Нухда бачана данделъи школалъул директор ГIали ЖабрагIиловас.**






Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель ва цадахъго лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Карим Будуновас, ФГБУ Росдетцентралъул вакил АхIмадпаша ХIажихановас, ХIебда росдал имам ХIабибуллагь МухIамадовас, ОМВДялъул районалъул руччабазул Советалъул председатель Умакусум ГIалибеговалъ, школалъул коллективалъ ва цIалдохъабазул улбуз.

Гьедин гIатIидго улбузул данделъи гьабиялъе гIиллаги букIана лъималазул цIалиялде ва тарбиялде цоги нухалъ кIвар буссинаби, цIияб ФГОСалъул программаялда ругел хиса-басиязул бичIчIи кьей, ХIебда школалъул цIалул ва тарбиялъулаб рахъалъул хIисабкьеял гьари, ремонталъулал хIалтIабазул мухIканал баянал кьей ва цогидаб.

Цере рахъараз бицана тIадчIей гьабизе ругел суалазул, тIагIинаризе къваригIарал гIунгутIабазул, улбузги мугIалимзабазги кквезе кколеб кидагосеб бухьеналъул ва чара гьечIого лъималазул тарбиялде буссинабизе бугеб кIваралъул.

2023-2024 цIалул соналъ районалъул ва республикаялъул даражаялда олимпиадабазда ва цогидал къецазда бергьенлъигун призалъулал бакIал росарал лъимал рехсана ва гьезул улбузе гьитIиналго сайигъаталгун баркалаялъул кагътал кьуна.

Ахирисеб чанго соналъ районалда ва регионалда профессионалиял къецазда призалъулал бакIазе мустахIикълъарал мугIалимзаби рехсана.

Дагъистаналъул школазда ахираб заманалъ гIемерлъун ругел лъималазул къокъабазул такъсиралги, бусурбабазул лъималаз гьарурал вахIшилъабазул цIун ругел социалиял гьиназда харбалги рагIидал, цоги нухалъ улбул рекIеда ратизе, лъималазе замангиги, рокьиги кьезе, адабалдеги гьитIинго куцазе ахIилъун букIана улбузул данделъи.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# «Лучший призывник-2024»

**23 февраль кIодо гьабун нилъер районалда тIоритIана чанго батIияб байрамиял тадбирал. Гьездаса цояблъун букIана 21-леб февралалъ ХIебда МахIмуд ГьитIиновасул цIаралда бугеб паркалда тIобитIараб «Лучший призывник» конкурс.**



Призывалъул гIужалде рахунел ругел школлъимал-гIолилазда гьоркьор тIоритIана гьира барал къецал. Гьенире гIахьаллъи гьабизе щвана Ругъелда, МачIада, Гъоркьа Бакълъухъ, ТIелекь №1, ТIелекь №2, ХIебда, ТIидиб, ГIурада, Гьолокь, Лъахъ ва КъахIиб гьоркьохъел школазул 10-11 классазул цIалдохъаби.

ГIолилаз жидерго бажариялъул хIалбихьи гьабуна 100м рекериялда, 1000м рекериялда, кIанцIиялъул, граната рехиялъул, къвагьдиялъул, АКялъул (автомат Калашникова) разборка ва сборка гьабиялъулъ.

ХIалуцарал къецазул хIасилазда тIоцебесеб бакIалде вачIана Гьолокь школалъул цIалдохъан Даниял ГIабдулхаликъов, кIиабилеб бакI щвана Гъоркьа Бакълъухъ школалъул цIалдохъан МухIамад ХIамзатовасе, лъабабилеб бакI бихьизабуна ГIурада школалъул цIалдохъан ГьитIинамухIамад Якъубовасе.

Къецал нухда рачана ХIебда школалъул ОБЖялъул мугIалим Юнус Юсуповас. Спортивияб конкурсалъул судьялъун вукIана райадминистрациялъул гIолилазул ишазул бетIерав специалист МухIамадрасул Хатиев.

Призалъулал бакIал щварал гIолилазе дипломал ва къиматал сайигъатал кьуна гьебго къоялъ 23 февраль кIодо гьабун ХIебда маданияталъул кIалгIаялда тIобитIараб байрамияб тадбиралда.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# МухIканго каки чуриялъул ва как баялъул къецал

**Арал гIодоркъояз ХIебда рухIияб централда тIобитIана мадрасалъул ясал-мутагIилзабазда гьоркьоб щвалде щун каки чуриялъул ва как баялъул къецал. ГIахьаллъана мадрасалде хьвадулелщинал школалъул гIелалъул 50 гIанасей яс.**

КIиго къоялъ халатбахъарал къецазда тIоцебесеб бакI щвана София ХIажиевалъе, кIиабилеб бакI кьуна РабигIат Шабановалъ ва лъабабилейлъун ккана Аминат ХIусенова.

Баркулеб буго призалъулал бакIал росарал гьитIинал мутагIилзабазда исламалъул хIубилъун жиб кколеб, абадияб рокъор талихIалъе аслулъун бугеб как гьедин мухIканго бай.

ГIахьалчагIазе къимат кьезе жюриялда рукIана гьезул мугIалим ПатIимат ХIажиева ва дагIваталъул отделалъул хIалтIухъан ГIашура ГIабдурахIманова.

Гьарула хадубккунги чIахIиял бергьенлъаби киналго мадрасалъул ясазе. Гьедин исламияб лъай нилъер лъималазе кьолел ругел мугIалимзабазе кIудияб баркала ва къулараб бетIер буго.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# «ЛъагIалил мугIалим-2024»

**Араб соналъул 19-абилеб декабралда, районалъул щуго школалдаса вакилзабаз гIахьаллъи гьабун, ХIебда гьоркьохъеб школалда тIобитIун букIараб «ЛъагIалил мугIалим-2024» профессионалияб къецалъул муниципалияб бутIаялда бергьенлъи босун букIана ХIебда школалъул физикаялъул мугIалим Давуд Давудовас.**




Районалда бергьенлъи босарав ХIебда школалъул мугIалим арал къояз гIахьаллъана гьеб конкурсалъул республикаялъулаб бутIаялда тIобитIараб мугIалимзабазул къецазда.

«ЛъагIалил мугIалим-2024» къецазда республикаялъул даражаялда тIоцебесеб этапалъул кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана нилъер районцояв - Давуд Давудов. Хадувккун кIиабилеб этапалдаги гьев гIахьаллъизе вуго.

Баркула Давудида бергьенлъиялъулаб бакI, гьарула хадусеб этапалдаги икъбал ва битIккей.

**НИЖЕР МУХБИР**



■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

# Операция «Оружие-выкуп»

С 1 февраля по 31 декабря 2024 года на территории республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп», по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

При приеме оружия, гражданам, добровольно сдавшим в ОМВД на возмездной основе незаконно хранящееся огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые материалы, выдаются следующие документы:

1. Копию заявления о добровольной сдаче оружия;
2. Квитанцию, предусмотренную приказом МВД России от 17 декабря 2012г. №1107.
3. Копию постановлений об отказе в возбуждении уголовного дела.

После получения указанных документов гражданин, добровольно сдавший оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства, обращается в Министерство Юстиции Республики Дагестан с заявлением. оформленным по форме, с приложением копий следующих документов:

1. Копии паспорта;
2. Копии страхового свидетельства государственного пенсионного страхования (при наличии);
3. Копии свидетельства о постановке на учет в налоговом органе физического лица по месту жительства;
4. Копии заявлений о добровольной сдаче оружия, боеприпасов. взрывчатых веществ или взрывных устройств в ОМВД;
5. Квитанции на принятое в органе внутренних дел Республики Дагестан оружие, боеприпасы, взрывные устройства, взрывчатые вещества;
6. Постановление об отказе в возбуждении уголовного дела.

Заявление и прилагаемые к нему документы могут быть представлены в Минюст РД лично гражданином, по адресу г. Махачкала, ул. Гагарина, тупик №6, либо направлены по почте. Выплата денежных средств осуществляется Минюстом РД в размере, установленном в таблице гражданам(таблица на 4стр.), добровольно сдавшим незаконно хранящееся у них оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства, достигшим 18 лет.

Денежное вознаграждение не выплачивается на сданное оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии, либо непригодном для использования по основному назначению.

**(Продолжение на 4 стр.)**

# ЧIухIула гьадинал магIарулаздаса



Росасе мутIигIай лъади, лъималазе мисалияй эбел, гIагарлъиялъе яхъун чIарай яц, нус, мадугьалзабазе хехго тIаде щолей кумек, адабалгун гIадатал цIунарай, гIамал гьитIинай, гьабулеб иш мухIканго рагIалде бахъинабулей – гьединаб къимат жиндие кьурай, кьезе кидаго мустахIикъай ккола Гьоор росулъа Раисат Исрапиловна ХирамухIамадова.

Раисат гьаюна 1954 соналъ Исрапиласулги ПатIиматилги (м.ч) кIудияб хъизаналда. Эбел-инсул кьучIаб тарбия щварай Раисат, хадур гIун рачIунел яцал-вацасе, йикIана мисаллъун.

Микьго классги росулъ лъугIизабун, Раисат цIализе лъугьана Каспийск шагьаралда бугеб медицинаялъул училищеялде. ЦIализе лъикIай студентка берцин йихьана гьелъул преподаватель Шарапудин Шариповасда. ЦIали лъугIун хадуб росасе Шарапудиниеги ана. ХIалтIизе лъугьана МахIачхъала шагьаралъул централияб больницаялда медсестралъун. Гьавуна вас, МахIач. Бигьаго букIинчIо рукъ, хъизан, хIалтIи цадахъ бачине. КIиго сонидаса гьаюна яс, Марина. Раисатил ракI магIарухъе цIалеб букIана.

Росасулгун гIакълуги данд бан рахъана районалде. 45 соналъ Раисат хIалтIулей йиго ХIебда райбольницаялда медсестралъун. ГIемерал санаца Раисат хIалтIана кIудияй медсестралъун.

- Раисатил хIалтIуда «хIур» хъвазе бегьулароан: щибаб дару-дарман жиндир бакIалда, цIезаризе кколел журналал, хIалтIул къоязул графикал заманалда хъвай-хъвагIайги гьабун,- гьедин бицуна Раисатил хIакъалъулъ гьанжеги гьелда цадахъ хIалтIулез.

Гьединабго рацIцIалъи ва берцинлъи чIезабула Раисатица рокъобги.

Чанги шапакъаталъе мустахIикълъана Раисат больницаялда хIалтIулаго. Нижер, Шариповазул хъизаналъги, кIудияб къимат кьола мисалияй нус, Раисатие. Дагъаб цебегIан, Раисатица тIобитIараб юбилеялда, нижеца Раисатие кьуна тIолго гIагарлъиялъ гъулбасги гьабун, «Жена – героиня» абураб кубок. Гьеб мажлисалда бан гьабулеб мавлидалда гIахьаллъи гьабизе щвеялдаса рохарал руго дунги, гIагаралги. Аллагь, авараг (с.т.гI.с.) разияб, хъизан-рукъалда баракат лъолеб, балагьаздаса цIунараблъун букIаги. Гьаюраб къоги баркун, Раисатие гьарула щулияб сахлъи, талихIаб гIумру, рохел, ракIее рахIат, хIалтIулъ бергьенлъаби. Къойил лъимал, внуказул цIиял харбаца ракIее лъикIаб асар кьун, халатккун хутIаги мун ракьалда, рокьулелгун цадахъ. Нижер яц, шагIир Маржанат ГьитIинамухIамадовалъ, жиндирго кочIолъ, мухIканго бицунеб

## Нижер нус, кIудияй яц мисалияй эбел Раисат – ХIажиде

*ГIичилазул рукъул къед берцинлъизе,*
*БекIкIун, сокIкIун лъураб солмое гамачI.*
*ХирихIмадилазул кIудияб хъизан,*
*Жиндаса чIухIарай хIалимай инсан.*
*Исрапиласул яс – Раисат-хIажи,*
*РагIи дихъ бугелъул барки гьабизе,*
*Гьале хъвана мухъал дица ракI-ракIалъ,*
*Дур къиса бицараб, бицаде тезе.*
*Цебесеб юбилей дур баркулелъул,*
*Дица мун нилъ гIураб гьаб тIалъиялда,*
*«Лъади бахIарчIужу» йигилан абун,*
*Лъазабуна кьварун, щаклъи гьечIого.*
*ТIолго гIагарлъиялъ, рази ругилан,*
*Дир рагIухъ гIин тIамун, лъуна гъоркь гъулбас.*
*ТIасияб юбилей дур баркулелъул,*
*Каранда медальги дализабилин.*
*Жакъа гьеб шапакъат горбода базе,*
*РагIи кьолеб буго дур дандиялъе.*
*Дандияллъун гурел, яцал гIадинан,*
*ГIумруялъул гьоко цадахъ цIаралъул.*
*ЦIумал тIад сверулеб гьаб ХIебда кIкIалахъ,*
*Дур цIар лъаларев чи хутIун вугодай.*
*ЦохIо кIкIалахъ гуреб тIалъиялдаго,*
*Машгьураб бугилан ккела абизе.*
*ГIузру ккаразухъе йортун ячIуней,*
*ЧIурканай, хIеренай Раисатилан,*
*РакIал чучиялъе хабар бицуней,*
*Хабар гьуин нижер Раисатилан.*
*Дур гIаданлъиялъул, гIадатлъиялъул,*
*ГIемерал рагIана дида бицулеб.*
*ЦохIо нижер эмен нухда вачараб,*
*Дур сабру букIина нижее дарслъун.*
*Дий эменлъи гьабун, аскIов чIарасе,*
*Адаб-хIурматалъухъ дирги баркала.*
*Бищунго хирияв даци-хIажие,*
*ХIеренлъи кьуралъухъ чIвала дуй наку.*
*Санал нилъей кьолев БетIергьан вуго,*
*Сахлъиялъ гьудуллъун гьаеги даим.*
*Дунялалъул ризкъи нилъее Кьолес,*
*ХIалалаб гьурщаги буголъи тIаде.*
*ТIогьол майданалда кьагIи гIадинал,*
*ГIун рачIунел ругел лъимадул лъимал.*
*ЛъикIабщинабги кьун рохизе гьарун,*
*Гьаеги мун рази, ракI дур хинлъизе.*
*Хехго чвахун унеб АваргIурул лъим,*
*Дуе барки гьабун кочIода буго.*
*Каранда бакъ чIвайдал, рорчIулел мугIрул,*
*Дуе салам гьабун, строялда руго.*
*Исана мугIрузде гIазу бачIолъи,*
*ГIажаиблъизе нилъ ккараб жо гуро.*
*Дур адабги гьабун, аскIор ниж щвезе,*
*Нухал рагьиялъул гIаламат буго.*
*ГIадан хиралъиялъ цIар тIибитIарай,*
*ЦIунаги Аллагьас балагьаздаса.*
*Барахщи гьечIого рокьи бикьулей,*
*Кьеги БетIергьанас хIалхьияб гIумру.*
*ГIурул рагIалалда, кьурул гIусалда,*
*ГIуцIун нилъей тараб Якьунда хурий,*
*Харабалъ цIар хъвараб гIумру-сонги кьун,*
*ГIадамал урхъараб хIалалъ таги мун.*
*ХIеренго рукIине малъа-хъвай гьабун,*
*Мастер-класс нижеда бихьизабизе,*
*Батеги дуе хъван доб хьарщиялда,*
*ХъахIалъ, накъищ гьабун, гьайбатаб гIумру.*
*Жакъа мунги йокьун данделъараца,*
*Дуй гьабураб гьари гьабеги къабул.*
*БачIунеб юбилей дуда баркизе,*
*Киназего сахлъи кьеги Аллагьас. Амин*

**Маржанат ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА**
**(2024 с).**

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

# Операция «Оружие-выкуп»

**(Начало на 3стр.)**

Стоимость огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у граждан.

1. Автомат 80000
2. Пулемет Калашникова и его модификации 85000
3. Ручной пулемет 75000
4. Пистолет-пулемет 75000
5. Автоматический гранатомет станковый 25000
6. Подствольный гранатомет 20000
7. Ручной противотанковый гранатомет 20000
8. Одноразовый гранатомет 15000
9. Малогабаритный реактивный огнемет 25000
10. Снайперская винтовка 60000
11. Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом 15000
12. Охотничье гладкоствольное ружье 3000
13. Газовые пистолеты и револьверы 2000
14. Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства 10000
15. Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства 1000
16. Травматические пистолеты и револьверы 3000
17. Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами 20000
18. Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм
19. Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и 3000 СВ)
20. Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу 300

**Врио начальника ОМВД России по Шамильскому району М.Г. МАГОМЕДОВ**


# ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

**МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
**ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна**

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
**Д.Давудов**
**ТI. МухIамадов**
**ГI.ХIасанова**

**ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ**
**МухIамад ХIамзатов**

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
**П. ГьитIинова,**
**М. Гьазалиев,**
**Ш. Абакаров,**
**М. ГьазимухIамадов.**

**НАБОР**
**М. ГьитIиномухIамадовалъул**

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
**Марьям ГIисаевалъул**

**Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамил районалъул» администрация**

**Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»**

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.**

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда**

**Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61**
**Тираж - 1000**
**Индекс 51368**

**Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440**

**Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00**
**ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00**

**Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru**

**Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу Имам Шамилил къватI 50**